

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Ngaran mangrupa hal anu kacida penting pikeun dipimilik ku sakumna hal anu aya di alam dunya. Sakumaha anu dijéntrékeun ku Rais (2008, kc. 1) “Nalika manusa gumelar ka alam dunya aya dua atribut anu nyantél dina dirina, nya éta ngaran diri (*antroponim*) jeung tempat gumelar (*toponim*)”. Éta atribut bakal terus napel dina diri manusa saumur hirupna, malah nepi ka liang kubur gé ngaran jeung tempat gumelar manusa bakal ditulis dina padungna.

Nurutkeun Kadmon (Rais, 2008, kc. 1) “Hiji jalma bisa kaleungitan harta bandana tapi moal bisa kaleungitan ngaranna”. Komo upama éta jalma miboga jasa pikeun nagara jeung bangsana atawa miboga jasa keur manusa nu séjénna, ngaranna bisa dicatet kana sajarah jeung diinget salawasna. Malah aya jalma anu miboga jasa, ngaranna dijadikeun ngaran jalan, wangunan, atawa ngaran hiji hal, pikeun pangéling-éling kana jasa-jasana, saperti Jalan Dewi Sartika, Jalan Otto Iskandar Dinata jeung Jalan Ir. H. Juanda.

Istilah toponimi sacara etimologisna tina basa Yunani *topoi* hartina ”tempat” jeung *onama* hartina “nama” jadi sacara harfiah toponimi miboga ma’na “ngaran tempat”. Tina ieu hal, toponimi bisa diartikeun salaku cara méré ngaran hiji wilayah atawa tempat (Sudaryat, 2015, kc. 51).

Dina kajian folklor, Dananjaja (2007, kc. 27), nétélakeun yén toponimi téh kaasup ulikan élmu onomastika (*onomastics*) nu ngawengku di antarana: méré ngaran jalan, ngaran kadaharan, ngaran atawa jujuluk jalma, ngaran bungbuahan jeung asal-muasal ngaran hiji tempat (légenda).

Foklore sacara etimologis asalna tina kecap *folk* nu hartina sarua jeung koléktif (*collectivity*) atawa kumpulan/sakumpulan, jeung *lore* nu hartina tradisi (turun-turun). Jadi sacara istilah folklor nya éta séké sélér koléktifitas kabudayaan nu diwariskeun sacara turun-turun jeung tradisional dina rupa-rupa vérsi boh nu wangun lisan jeung non-lisan (Dananjaja, 2007, kc.1-2).

Ulikan ngeunaan toponimi tangtuna teu leupas tina manusana sorangan nu nyieun éta ngaran tempat. Djoko Widagdho, dkk. (2015, kc. 21) nétélakeun, yén

kabudayaan ngawengku kabudayaan matérial (sifatna jasmaniah) jeung kabudayaan non matérial (sifatna rohaniah). Kabudayaan matérial anu sifatna jasmaniah nya éta barang ciptaan manusa, contona pakakas kalengkepan hirup. Kabudayaan non matérial anu sifatna rohaniah nya éta sagala hal anu teu bisa ditempo jeung dicampa. Contona réligi (sistem kepercayaan), basa jeung élmu pangaweruh.

Dina hal toponimi, kapercayaan masarakat jadi unsur utama nu ngabalukarkeun ayana ngaran hiji patempatan, manusa éta sorangan nalika ngaranan éta tempat nilik kana aspék fisik jeung non-fisik (aspék sosial jeung kultural). Dina aspék fisik ngawengku tilu aspék, nya éta aspék hidrologis, aspék géografis, jeung aspék biologis (Kosasih, 2010).

Umumna sajarah ngaran-ngaran patempatan sumebar sacara lisan, sedengkeun pikeun meunangkeun data gumantung pisan kana narasumber, éta hal jadi bangbaluh utama nalika nalungtik ngeunaan toponimi. Sabab teu unggal masarakat di hiji daerah apal ngeunaan asal-muasal ngaran daerahna, atawa dina aya nu apal gé pasti aya sababaraha data anu robah atawa leungit.

Panalungtikan saméméhna anu sarua nalungtik ngeunaan toponimi di antarana panalungtikan nu dilakukeun ku Ai Salsiah (entragan 2009) kalayan judul: *Toponimi di Kecamatan Cibeber Kabupatén Cianjur Dumasar Carita Rayat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP*. Lian ti éta aya ogé panalungtikan Mitha Hartati (entragan 2009) kalayan judul: *Kajian Toponimi di Wilayah Kacamatan Kersamanah Kabupatén Garut Dumasar Carita Rayat*. Jeung panalungtikan anu dilakukeun ku Yan Permana (entragan 2011) kalayan judul: *Toponimi Ngaran-Ngaran Curug di Wilayah Purwasuka (Purwakarta, Subang, Karawang) Dumasar Carita Rayat*.

Sabada ditiénan, tétéla ieu panalungtikan téh aya sasaruuan jeung bébédaanana. Sasaruuan ieu panalungtikan téh nya éta sarua papada ngulik asal-muasal ngaran tempat (toponimi). Anapon bédana ieu panalungtikan nya éta aya dina objék panalungtikanana. Panalungtikan nu ditalungtik ku panalungtik, baris ngaguar ngeunaan toponimi kampung di wilayah Kacamatan Banjar Kota Banjar.

Kiwari asal-muasal ngaran patempatan (toponimi) umumna masarakat Sunda, hususna masarakat nu aya di lingkungan Kota Banjar geus loba masarakat nu teu

apal kana sajarah tempatna sorangan. Ku lantaran kitu, panalungtikan ngeunaan toponimi kampung wilayah Kacamatan Banjar Kota Banjar penting pisan pikeun ditalungtik anu satuluyna dilarapkeunna jadi bahan pangajaran maca déskripsi di kelas VIII SMP. Dimana bahan pangajaran anu dimaksud nya éta medar ngeunaan asal-muasal ngaran hiji patempatan sarta kumaha jeung timana ngaran patempatan éta bisa dingaranan samodél kitu. Éta hal anu jadi larapna dina panalungtikan toponimi ieu.

Dina *Kurikulum 2013 mata pelajaran Basa Sunda Kelas VII*, Kompetensi dasarna nya éta maca déskripsi. Ieu panalungtikan téh gedé pisan pangaruhna kana kahontal henteuna dina tujuan pangajaran, sabab mangrupa eusi dina kagiatan diajar ngajar. Milih jeung nimbang bahan pangajaran téh sarat anu kudu disaluyukeun jeung kamekaran siswa.

Ku kituna, dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan nu dijudulan “Toponimi Kampung di Kacamatan Banjar Kota Banjar pikeun Bahan Pangajaran Maca Déskripsi di Kelas VIII SMP” téh perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ieu panalungtikan ambahana teu lega teuing, ieu panalungtikan ngeunaan toponimi téh baris diwatesanan. Masalah anu dipedar museur dina sabudeureun ngaran-ngaran kampung di Kacamatan Banjar Kota Banjar. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé bakal leuwih museur kana kumaha pola masarakat méré ngaran patempatan, anu saterusna larapna pikeun bahan pangajaran maca déskripsi di kelas VIII SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah diébréhkeun di luhur, sangkan nu jadi masalah dina ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanna, masalah-masalahna baris dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

1. Kumaha déskripsi kasang tukang toponimi kampung di Kacamatan Banjar Kota Banjar?

2. Kumaha pola anu dipaké dina sistem méré ngaran kampung di Kacamatan Banjar Kota Banjar?
3. Kumaha larapna hasil panalungtikan toponimi kampung di Kacamatan Banjar Kota Banjar jadi bahan pangajaran maca déskripsi di kelas VIII SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalahna, tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun ngajembaran kaweruh jeung nambahan data invéntaris kabudayaan Kota Banjar ngeunaan asal-muasal ngaran patempatan di lingkungan Kacamatan Banjar Kota Banjar.

1.3.2 Tujuan Husus

Lian ti tujuan umum anu geus dijelaskeun di luhur, tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun hal-hal ieu di handap.

1. Déskripsi kasang tukang toponimi kampung di Kacamatan Banjar Kota Banjar.
2. Pola anu dipaké dina sistem méré ngaran kampung di Kacamatan Banjar Kota Banjar.
3. Larapna hasil panalungtikan toponimi kampung di Kacamatan Banjar Kota Banjar jadi bahan pangajaran maca déskripsi di kelas VIII SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa nambahan pangawareuh anyar ngeunaan élmu basa jeung kabudayaan boh keur ka panalungtik boh ka masarakat dina hal kabudayaan, hususna pikeun bahan pangajaran, boh pikeun aprésiasi budaya hususna dina widang élmu folklor.

1.4.2 Manfaat Praktis

Mangfaat praktis anu di piharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

a. Pikeun Panalungtik.

Panalungtik bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan masarakat Sunda, hususna dina sistem méré ngaran tempat.

b. Pikeun Masarakat.

Ku ayana ieu panalungtikan téh bisa nuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda nu aya di masarakat. Hususna ngeunaan asal-muasal ngaran tempatna sorangan.

c. Pikeun Guru.

Hasil ieu panalungtikan ngeunaan toponimi kampung téh bisa jadi alternatif bahan pangajaran maca déskripsi di kelas VIII SMP.

d. Pikeun Siswa.

Pikeun siswa, hasil ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh ngeunaan kabudayaan Sunda, hususna dina widang folklor.

1.4.3 Manfaat Kawijakan

Mangfaat kawijakan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngarojong program pamaréntah anu aya dina Undang-undang No. 5 Taun 1992 ngeunaan Benda Cagar Budaya jeung Peraturan Pamaréntah RI No. 78 Taun 2007 ngeunaan Pengesahan *Convention for The Safeguarding of the Intangible Cultural Heritage (Konvensi untuk Perlindungan Warisan Budaya Takbenda)* sarta Perda Provinsi Jawa Barat No. 5 Taun 2003 ngeunaan Pelestarian jeung Pengembangan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Daerah.

1.4.4 Manfaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangfaat isu jeung aksi sosial ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré informasi ka sakabéh pihak ngeunaan asal-muasal ngaran patempatan, nepi ka jadi salah sahiji bahan pikeun lembaga-lembaga formal atawa non formal.

1.5 Sistematika Penulisan

Tulisan dina ieu sekripsi ngawengku lima bab, nya éta:

- 1) bab I bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan;
- 2) bab II kajian tiori, medar ngeunaan folklor, toponimi, jeung bahan pangajaran maca déskripsi, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir;
- 3) bab III métodologi panalungtikan, medar ngeunaan désain panalungtikan, métode panalungtikan, setting panalungtikan, lokasi panalungtikan, sumber data, informan, téhnik ngumpulkeun data, instrument panalungtikan, jeung téhnik ngolah data;
- 4) bab IV hasil tina panalungtikan, medar ngeunaan asal-muasal ngaran tempat, analisis pola méré ngaran tempa di Kacamatan Banjar, jeung bahan pangajaran déskripsi di Kelas VIII SMP;
- 5) bab V panutup, kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi nu ditepikeun ku panalungtik ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan pikeun panalungtikan kahareupna.